

# Èd ak reparasyon kay apre Siklòn Ida se yon bon bagay.

## Men, li pa yon bon bagay pou fè moun peye twòp.



Aprè siklòn Ida, rezidan New York yo bezwen èd antreprenè modènizasyon kay, plonbye ak elektrisyen plis pase anvan.

Vil la vle raple ou:



**Li ilegal pou monte pri twò wo.**

Jou ki te 1ye septanm 2021, Majistra Bill de Blasio te deklare yon eta dijans kote:

- Vil la ap anile frè pèmi pou demoli, konstwi oswa fè reparasyon ki gen rapò ak dega tanpèt.
- Biznis yo pa dwe monte twòp pri okenn machandiz oswa sèvis ki esansyèl pou sante oswa sekirite oswa yo fè pwomosyon li konsa. Sa gen ladan reparasyon kay, plonbri, sèvis elektrik.

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) vil New York pral mennen ankèt sou plent yo pote pou moun ki monte pri yo twò wo pou reparasyon kay Siklòn Ida te afekte. **Ap gen vyolasyon ak amann pou moun ki nan biznis peze souse.** Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [nyc.gov/BusinessToolbox](https://nyc.gov/BusinessToolbox)



**Ou dwe gen yon lisans pou fè reparasyon kay.**

Antreprenè modènizasyon kay yo dwe gen yon lisans DCWP. Detay yo nan [nyc.gov/dcwp](https://nyc.gov/dcwp)

Plonbye ak elektrisyen yo dwe gen yon lisans Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB), epi pèmi ap obligatwa pou tout travay elektrik ak pifò travay plonbri yo. Detay yo nan [nyc.gov/buildings](https://nyc.gov/buildings)